


Zouti evalyasyon debaz konpetans nan lekti



FAQ pou fanmi NYCPS ak moun k ap bay swen

Youn nan pi gwo objektif nou nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) se asire tout elèv nou yo li byen. Se pou rezon sa a nou konsantre sou NYC Reads, epi nou rekonesan poutèt kolaborasyon w nan sipòte aprantisaj pitit ou a! Pou konnen kòman chak elèv li ak kòman pou sipòte aprantisaj yo, twa fwa pa ane nou fè yon verifikasyon lekti pou tout elèv ki rele Verifikasyon pou lekti fondamantal "foundational reading skills screener." Pi ba a, nou reponn dis kesyon kouran konsènan eleman verifikasyon yo.

1. Kisa foundational reading skills screener a ye? Poukisa pitit mwen an ap pran l?

NYC Reads se yon efò pou ede tout elèv NYCPS li byen. Nan kad NYC Reads, yo bay tout elèv yon evalyasyon foundational reading skills screener twa fwa pa ane. Evalyasyon an se yon tchèk lekti ki ede pwofesè konprann fòs pitit ou a ak sa li bezwen pou l amelyore. Lekòl ou a ka itilize screener Acadience, Amplify, i-Ready, MAP, oswa STAR .

2. Kisa evalyasyon an ede pwofesè konprann?

Evalyasyon an ede pwofesè konprann kapasite debaz lekti pitit ou a. Lekti gen de pati: dekodej (pwononsyasyon mo) ak konpreyasyon (konnen kisa mo vle di ak sou kisa istwa ye). Pou dekode ak konprann, gen senk konpetans debaz lekti: tande son nan mo (konsyans fonèm), konnen son lèt yo

bay (fonik), konnen mo (vokabilè), lekti avèk ezans ak konprann sa mo ak tèks vle di (konpreyasyon). Evalyasyon an di pwofesè yo kòman pitit ou a ap pwogrese avèk konpetans sa yo pou yo ka ofri enstriksyon ki sible, tankou pratik anplis ak/oswa ranfòsman.

3. Kisa pitit mwen fè pandan evalyasyon an? Èske pitit mwen an ta dwe etidye pou li?

Pitit ou a pral patisipe nan yon verifikasyon lekti nan klas (jeneralman pa plis pase 60 minit) ki pral poze kesyon pou evalye konpetans debaz li nan lekti. Evalyasyon an ka gen ladan travay endividyèl avèk yon pwofesè oswa yon evalyasyon ki fèt nan konpitè. Pitit ou a pa bezwen etidye ni fè okenn preparasyon.

Gade nan do paj la pou jwenn plis enfòmasyon ►



4. Kòman m ap fè konnen rezilta evalyasyon pitit mwen an?

Ou ka jwenn rezilta pitit ou a nan kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account) ou a (schoolsaccount.nyc). Ale nan (Log in), klike sou "MyStudent" epi apres a klike sou seksyon "Reading and Math Progress". Rezilta evalyasyon yo nan kolòn ki gen "Acadience, Amplify, i-Ready, MAP, oswa STAR" nan Assessment Name (premye kolòn) ak "Reading" nan Subject (dezyèm kolòn). W ap wè tou peryòd evalyasyon pou kòmansman, mwate ak fen ane lekòl la (Assessment Period for Beginning, Middle, and End of School Year).

W ap wè yon eksplikasyon nòt ("Scoring Explanation,") ki pral di pèfòm pi wo pase nivo klas ("performing above grade-level,") pèfòm nan nivo klas ("performing at grade-level,") oswa bezwen sipò pou li ka pèfòm nan nivo klas ("in need of support in order to be performing at grade level.") Sa montre pwogrè pitit ou a nan konpetans yo sible yo pou klas li nan moman ane yo te reyalize evalyasyon an. Si w pa wè rezilta yo, kontakte pwofesè pitit ou a.

5. Esi pitit mwen an bezwen plis sipò pou l pèfòm nan nivo klas la?

Si pitit ou a poko ap pèfòm nan nivo klas la, li ka bezwen sipò. Si pitit ou a bezwen sipò, pwofesè pitit ou a pral ba li l, paegzanp, nan enstriksyon an tigwoup. Si pitit ou a poko ap pèfòm nan nivo klas la, sa ka vle di tou yo poko anseye konpetans yo teste yo nan klas la. Pwofesè klas pitit ou a ka ede w konprann si se ka a.

6. Esi pitit mwen ap aprann pale ak li ann anglè?

Pafwa evalyasyon yo pa bay imaj konplè sa pitit ou a konnen paske li toujou ap aprann anglè. Pale avèk pwofesè pitit ou a sou sa li konnen nan lang li pale lakay li. Paegzanp, fè konnen si pitit ou a ka rekonèt rim, si li konnen lèt yo, si li ka li, ekri ak fè lòt bagay nan lang natifnatal li.

7. Esi pitit mwen an nan yon pwogram bileng, ap aprann li nan de lang?

Ou ka itilize tout sijesyon ki nan resous sa a nan lang natifnatal ou. Nou valorize lang natifnatal ou epi li ka ede pitit ou a aprann li. Pa gen pwoblèm si pitit ou a fè plis pwogrè nan yon lang pase nan lòt

la; konpetans li yo pral transfere nan dezyèm lang lan. Pale avèk pwofesè pitit ou a sou pwogrè l nan toulede lang yo.

8. Mwen pa wè nivo lekti (A-Z) Fountas & Pinnell (F&P) menm jan ak ane avan yo. Poukisa mwen pa wè l?

Nan ane avan yo, NYCPS te itilize evalyasyon ki te bay nivo lekti elèv yo A rive Z. Evalyasyon sa yo pa pèmèt pwofesè yo konprann totalman kapasite elèv yo pou pwononse mo—yon konpetans kle pou tout lektè. Kidonk, kounye a NYC PS ap itilize zouti evalyasyon (screeners) ki pèmèt pwofesè yo konprann pwogrè elèv nan tout konpetans debaz lekti yo.

9. Èske yon evalyasyon se menm bagay ak egzamen konpozisyon anglè (English Language Arts, ELA) eta Nouyòk?

Non. Egzamen ELA eta Nouyòk se yon egzamen ki dire de jou ke elèv ki nan klas 3yèm rive 8yèm ane pran chak prentan. Elèv yo reponn kesyon ak chwa miltip epi yo ekri repons pou kesyon ouvè dapre tèks yo li yo. Egzamen ELA a evalye yon seri konpetans; evalyasyon (screeners) yo evalye konpetans debaz espesifik nan lekti.

10. Kisa m ka fè pou m sipòte pitit mwen an kòm yon lektè?

Nan NYCPS, se djòb nou pou montre tout timoun li. Pou sipòte l lakay, mande pwofesè pitit ou a kòmman pitit ou a ap travay ak kisa ou ka fè pou ede l.

Ou kapab tou:

- Pale! Pale avèk pitit ou nan lang natifnatal li. Sa bati vokabilè ak konesans debaz.
- Ale nan bibliyotèk oswa nan e-Library GRATIS nou an, Sora (soraapp.com/welcome). Chwazi liv k ap enterese pitit ou an.
- Fè jwèt mo. Jwèt tankou Scrabble, Boggle, oswa rechèch mo amelyore vokabilè ak rekonesans mo.
- tabli yon woutin lekti: Yon woutin lekti, tankou 20 minit lekti apre dine, sa ede fè lekti vin yon abitud. Pitit ou a ka li poukont li, avèk yon adilt oswa pou yon frè/sè oswa yon kouzen ki pi piti.
- Jwenn plis ide sou schools.nyc.gov/LiteraryResources.